Халық депутатларыҚараөзек районлық Кеңесиниң

Ш Е Ш И М И

2017-жыл “30”август **29/80-сан**

Район аймағындағы айырым географиялық обьектлердиң (посёлка, аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары) атамалары ҳаққында

Өзбекистан Республикасының «Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында»ғы Нызамының 10-статьясы (Өзбекистан Республикасы Нызам ҳүжжетлери топламы, 2011ж., 41-сан, 448-статья)на тийкарланып, «Өзбекистан Республикасында 2016-жылда пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымларының жумыслары нәтийжелигин және де асырыўға қаратылған қосымша ис-иләжлар Дәстүри»ниң 6-бәнтинде, пуқаралар жыйынлары атамаларын нызам ҳүжжетлери талапларына муўапықластырыўға қаратылған ис-иләжларды әмелге асырыў белгиленгенлигин басшылыққа алып, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2016-жыл 28-март күнги 03-07/9-03/43-санлы хатын орынлаў мақсетинде, Қарақалпақстан Республикасы « Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамның 6-статьясына муўапық Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңесиниң жигирма тоғызыншы сессиясы

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. Географиялық объектлерге атама бериў ҳәм қайта атама бериў мәселелери бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2016-жыл 28-март күнги 03-07/9-03/43-санлы хаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Район ҳәкиминиң 2016-жыл 1-апрель күнги «Район аймағындағы айырым географиялық обьектлердиң (поселка, аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары) атамалары ҳаккында» ғы 513/4-санлы қарары тастыйықлансын.

3. Районлық Ишки ислер бөлими (С.Казбеков), районлық статистика бөлими (А.Жолдасбаев), тийисли мәкеме, кәрхана, шөлкемлер атамалары өзгерген пуқаралар жыйынлары менен биргеликте бир ай муддет ишинде ҳүжжетлерди муўапықластырыў тапсырылсын.

4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары районлық Кеңесиниң социаллық-мәдений ҳәм тәбиятты қорғаў мәселелери бойынша турақлы комиссиясы баслығы А.Тилеумуратовқа ҳәм район ҳәкиминиң орынбасарлары Б.Ильясов, П.Ерназаровларға жүкленсин.

5. Бул шешим район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында ҳәмде “Мийнет байрағы” газетасында рәсмий жәриялансын.

6. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңеси баслығы **Д.Утемуратов**

Халық депутатлары
Қараөзек районлық Кеңесиниң
2017-жыл “30”-август күнги
29-сессиясының 29/80-санлы шешимине
қосымша

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2016-жыл 28-март күнги 03-07/9-03/43 санлы хатына муўапық район аймағындағы пуқаралар жыйынларының атамалары өзгеретуғын географиялық объектлер атамасы

№	Географиялықобъектлердиңәмелдегиатамасы	Географиялық объектлердиң қарақалпақ ҳәм өзбек тилиндеги тәртиплестирилген атамасы			
		Қарақалпақша кирилша	Қарақалпақша латынша	Өзбекшекирилша	Өзбекше латынша
1	1-МПЖ	Атамәкан МПЖ	Atamà‘kanMPJ	Атамакон МФЙ	Atamakon MFY
2	2-МПЖ	Есим МПЖ	Esim MPJ	Есим МФЙ	Esim MFY
3	3-МПЖ	Ғәрезсизлик гүзары МПЖ	G‘arezsizlikgu‘ zari‘ MPJ	Ғарезсизликгузари МФЙ	G‘arezsizlik guzari MFY
4	4-МПЖ	Қутлы мәкан МПЖ	Qutli‘ma‘kanMPJ	Қутлимакон МФЙ	Qutlimakon MFY
5	Қараөзек ППЖ	Қараөзек ППЖ	Qarao‘zek PPJ	Қораўзак ШФЙ	Qorao‘zakShFY
6	Қаракөл АПЖ	Қаракөл АПЖ	Qorako‘l APJ	Қоракўл ОФЙ	Qorako‘l OFY
7	Бердақ АПЖ	Бердақ АПЖ	Berdaq APJ	Бердақ ОФЙ	Berdaq OFY
8	Алғабас АПЖ	Алғабас АПЖ	Alg‘abas APJ	Алғабас ОФЙ	Alg‘abas OFY
9	Мәденият АПЖ	Мәденият АПЖ	Ma‘deniyat APJ	Маденият ОФЙ	Madaniyat OFY
10	Қараөзек АПЖ	Қараөзек АПЖ	Qarao‘zek APJ	Қораўзак ОФЙ	Qorao‘zak OFY
11	Қарабуға АПЖ	АллаярДосназаров АПЖ	Allayar Dosnazarov APJ	Аллаёр Досназаров ОФЙ	AllayorDosnazarov OFY
12	Есимөзек АПЖ	Есимөзек АПЖ	Esimo‘zek APJ	Есимўзак ОФЙ	Esimo‘zak OFY
13	Қойбақ АПЖ	Қойбақ АПЖ	Qoybaq APJ	Қўйбоқ ОФЙ	Qo‘yboq OFY